

**NILAI MORAL ING SERAT KEPATEN OBOR  
TINTINGAN STRUKTURAL**

**Alfian Rofiqi, Dra. Suwarni, M.Pd.**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Alfian.rofiqui@gmail.com

**Abstrak**

*Serat Kepaten Obor* minangka reriptan sastra Jawa klasik merga nduweni titikan nggunakake metrum tembang macapat lan ninggalake basa Sansekerta. *Serat Kepaten Obor* iki uga akeh ngemu piwulang moral, mula saka iku panliti njupuk irah-irahan Nilai Moral ing *Serat Kepaten Obor*.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, underan panliten iki yaiku: (1) Kepriye struktur *Serat Kepaten Obor*?, (2) Apa wae nilai-nilai moral sing kinandhut ing *Serat Kepaten Obor*?, (3) Apa fungsi nilai moral *Serat Kepaten Obor* ing jaman saiki. Ancasing panliten yaiku: (1) Ngandharake ngenani struktur *Serat Kepaten Obor*, (2) Ngandharake nilai-nilai moral sing kinandhut ing *Serat Kepaten Obor*, (3) Ngandharake ngenani fungsi *Serat Kepaten Obor* ing jaman saiki. Paedah saka panliten iki yaiku: (1) Tumrap panliti, diajab bisa kanggo ngecakake kawruh lan katrampilan sing wis ditampa nalika kuliyah, (2) Tumrap sastra Jawa modern, diajab bisa menehi sumbangan tumrap ngrembakane telaah karya sastra sing nggunakake tintingan struktural, (3) Tumrap piwulang sastra, diajab bisa digunakake minangka piranti anggane nyinaoni apresiasi sastra lan uga bisa digunakake tumrap kritik sastra, (4) Tumrap pamaca, diajab bisa njembarake kawruh nalika ngrembug ngenani nilai moral. supaya bisa tumindak kang luwih becik.

Panliten ing *Serat Kepaten Obor* nggunakake panliten dheskriptif kualitatif. Analisis dheskriptif kualitatif yaiku analisis sing ditindakake kanthi cara ngandharake kedadeyan-kedadeyan sing ana ing *Serat*, banjur disusun karo anane analisis. Sumber dhata sing utama sajrone panliten iki yaiku *Serat Kepaten Obor* saka Museum Radya Pustaka, Surakarta. Dhata sing bakal diteliti ing panliten iki arupa sakabehe tembung-tembung lan ukara sajrone *Serat Kepaten Obor*. Mligine tembung-tembung utawa ukara sing ngandhut nilai moral sing gegayutan karo pribadhi, wong liya, lan pangeran. Tata carane nglumpukake dhata nggunakake teknik pustaka lan cathet. 1) Teknik pustaka, teknik sing ditindakake kanthi nglumpukake dhata arupa buku kang nyengkuyung panliten lan nggampangake panliti kanggo mikolehi rreferensi, 2) Teknik cathet, teknik iki ditindakake kanthi maca sakabehane *Serat Kepaten Obor* lan menehi tandha marang catetan tartamtu.

Kanggo mangerteni lan ngandharake reriptan sastra, ora bisa uwal saka analisis struktur karya iku dhewe. Struktur *Serat Kepaten Obor* iki nyakup tema, paraga, lan latar. Tema ing *Serat Kepaten Obor* iki kaperang dadi loro yaiku tema mayor “Kaprawiran” lan minor sing bisa ditemoni saben pupuh. Paraga lan pamaragan yaiku Subur, Nyi Warandha, Singakrama, Prabu Naranata, Pangeran Dipati, lan patih. Latar kaperang dadi telu yaiku latar sosial kaya wong desa lan wong praja. Latar wektu kayata awan, bengi, lan isuk. lan Latar panggonan kayata desa, alas, lan praja.

Nilai moral nggambarake kekarepan pangripta marang pamacane. Kekarepan iku bisa awujud nilai sing asipat didaktis. Moral ing *Serat Kepaten Obor* iki kaperang dadi telu. (1) moral kang nduweni sesambungane antarene manungsa karo individu, (2) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane (ing babagan sosial), (3) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine.

*Serat Kepaten Obor* nduweni fungsi ganda yaiku fungsi panglipur kanthi cara menehi crita-crita sing bisa nggawa pawongan lumebu ing alam imajinasine. Menehi kaendahan lan makna tumrap panguripan kayata kasangsaran, kabungahan, lan kematian. Uga nduweni paedah tumrap pamacane yaiku minangka sarana kanggo menehi piwulang ngenani babagan becik lan ala. Reriptan sastra uga digunakake kanggo nggambarake lelakone urip masyarakat lan minangka sarana kritik sosial.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Sastra kalebu karya sing dumadi saka pamikiran pawongan. Iku kajupuk saka kadadeyan-kadadeyan sabendinane pangripta lan saka critane wong liya. Sastra minangka wujud lan asil pakaryan seni kreatif sing objeke manungsa lan panguripane lan diandharake lumantar basa (Semi, 1998:8). Sastra iku kaca benggalane kadadeyan masyarakat ing jaman iku.

Ana saperangan jinis sastra sing ana ing donya iki. Wiwitane saka sastra Jawa Kuno, kasusul sastra Jawa Pertengahan, sastra Jawa Klasik, lan sastra Jawa Modern. Sastra Jawa Kuno dititiki karo anane jinis kakawin lan nggunakake basa Sansekerta. Sastra Jawa Pertengahan nduweni titikan yaiku ninggalake basa Sansekerta. Basa Sansekerta wiwit ditinggalake merga akeh pawongan sing ora bisa nggunakake basa iku (Suwarni, 2013:5). Saliyane iku sastra Jawa Pertengahan minangka wiwitane ana jinis kidung. Banjur sastra Jawa Klasik. Sastra Jawa

Klasik nduweni titikan, nggunakake struktur tembang macapat. Sing pungkasan yaiku sastra Jawa Modern. Sastra Jawa modern nggunakake basa Jawa Mutakhir. Sastra Jawa modern ana ing abad XX lan nengenake estetika sajrone reriptane (Purnomo, 2007:79).

Serat Kepaten Obor saka (sabanjure dicekak SKO) saka museum Radya Pustaka Surakarta mujudake salah sawijine sastra lawas sing awujud naskah lan kagolongan naskah tedhakan, merga wis disalin lan ana translirasine. Adhedhasar pangrembakane sastra Jawa, SKO kalebu asil saka sastra Jawa klasik. SKO iki ditulis nggunakake aksara Jawa lan awujud tembang macapat dumadi saka limelas pupuh.

SKO nyritakake ngenani lelakone paraga Subur sing kepengin dadi prajurit. Subur kalebu anake mbok Randha sing ora nduweni bandha ndonya nanging gegayuhane nganti sundhul langit. Pungkasane crita dheweke bisa dadi Patih ing praja. Akeh banget nilai moral sing digambarake saka tumindake, solah bawane, lan lelakone para paraga ing crita. Kaya lelakone paraga Subur kanggo mujudake gegayutane tansah kebak pacoban, senjata kaya mangkono dheweke tansah ikhtiar lan sabar. Asile saka ikhtiar lan sabar dheweke bisa dadi patih lan nemokake jatidhirine, sing nyatane keturunan priyayi. Saka pacoban urip sing tansah teka iku bisa nuwuhake sipat, patrap, solah bawa, lan budi pekerti sing akeh banget. Pawongan bisa kendel merga kulina ngadhepi pacoban kang mbebayani, bisa sabar ngadhepi pasemon kanca-kancane, tanggung jawab marang amanah sing disandhang nalika diutus karo raja, nduweni tata trapisila marang ibune.

Nilai moral minangka piwulang ngenani becik lan alane patrap, sipat, kewajiban, akhlak, budi pekerti, lan susila. Masyarakat Jawa isih ngugemi ngenani sipat lan patrap sing ana ing bebrayan Jawa. Adhedhasar andharan kasebut, ing kalodhangan iki panliti bakal ngandharake ngenani nilai-nilai moral sajrone SKO. Nilai moral minangka nilai kang ngrembug ngenani piwulang becik lan ala tansah diugemi dening masyarakat Jawa ing jaman samangke. Kanggo ngonceki iku kabeh panliten iki nggunakake tintingan struktural. Wiwitane bakal nuduhake ngenani struktur SKO, banjur nilai moral, lan paedah kanggo pamaca.

### Underane Panliten

Adhedhasar saka landhesan panliten sing wis kasebut ing dhuwur, perangan sing bakal ditintingi sajrone panliten iki yaiku :

- 1) Kepriye *struktur* SKO?
- 2) Apa wae nilai-nilai moral sing kinandhut ing SKO?
- 3) Apa fungsi nilai moral SKO ing jaman saiki?

### Ancasing Panliten

Kanthi lelandhesan panaliten lan punjering panliten kaya ing dhuwur, mula panliten iki nduweni tujuan :

- 1) Ngandharake ngenani struktur SKO.
- 2) Ngandharake nilai-nilai moral sing kinandhut ing SKO.
- 3) Ngandharake ngenani fungsi SKO ing jaman saiki.

### Paedahe Panliten

Paedah sing bisa kajupuk saka panliten iku yaiku :

- 1) Tumrap panliti, diajab bisa kanggo ngecakake kawruh lan katrampilan sing wis ditampa nalika kuliyah.
- 2) Tumrap sastra Jawa, diajab bisa menahi sumbangan tumrap ngrembakane panliten karya sastra sing nggunakake tintingan struktural.
- 3) Tumrap piwulang sastra, diajab bisa digunakake minangka piranti anggone nyinaoni apresiasi sastra utawa kritik sastra.
- 4) Tumrap pamaca, diajab bisa njembarake kawruh nalika ngrembug ngenani nilai moral supaya bisa tumindak kang luwih becik.

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Struktur lan Struktural

Analisis struktur yaiku tugas kang wigati kanggo ditindakake dening panliti sastra, sadurunge nindakake babagan liyane. Upaya kanggo mangerteni lan ngandharake reriptan sastra, ora bisa uwal saka analisis struktur karya iku dhewe. Struktur reriptan sastra nyakup tema, paraga, alur, lan latar. Teeuw (1984:61) ngandharake menawa analisis struktur yaiku sawijining tahap sajroning panliten sastra kang angel kanggo diilangi, amarga analisis struktur iki lagi antuk pangerten kang rowa kayadene sajroning ilmu basa, kang njlentrehake menawa kawruh ngenani struktur basa minangka syarat mutlak kanggo panliten sosiolinguistik, psikolinguistik, ilmu sejarah, bandhingan basa lan liya-liyane.

Tintingan struktural yaiku tintingan sing nganalisis sajrone unsur-unsur intrinsik reriptan sastra. Unsur-unsur iku sing mbangun reriptan sastra. Wekasane bisa nduweni sesambungan karo unsur liyanae. Andharan ngenani struktural nduweni sesambungan karo andharan ngenani struktur minangka dhasare. Reriptan sastra minangka reriptan kreatif nduweni babagan sing kudu dijingglengi kanthi cara utuh (Nurgiyantoro, 2000: 37)

Strukturalisme diwawas minangka salah sawijine pendekatan kesusastraan sing nengenake gegayutan antarane unsur pamangune karya sastra. Strukturalisme minangka paham ngenani unsur-unsur pamangune reriptan sastra sing gegayutan antarane unsur siji lan unsur liyane kanthi utuh (Ratna, 2004:91). Junus (sajrone Endaswara , 2008:49) uga ngandharake yen strukturalisme pancen asring dipahami minangka wujud. Konsep kasebut minangka upaya kanggo ngonceki reriptan sastra kanthi analisis struktural.

Miturut Jabrohim (2003:55) nalikane nganalisis karya sastra, amung *konsentrasi* ana ing otonomi sastra

minangka karya fiksi. Tegese, nalika menehi makna sajrone karya sastra yaiku apa sing ana ing karya sastra iku lan ora nyambungake karo unsur-unsur sing ana ing jabane, amarga strukturalisme iku kalebu teori objektif sing nliti karya sastra iku dhewe. Teeuw (1988:135) ngandharake menawa prinsip analisis struktural yaiku ndhudah lan njlentrehake reription sastra kanggo nintingi reription sastra kanthi jangkep, titi, rinci, lan premati, saengga bisa mangerteni maknane reription sastra kanthi utuh.

Teeuw (sajrone Jabrohim, 2003:55) uga ngandharake yen strukturalisme kalebu tugas sing paling dhisik kudu diayahi kanggo para panliti sadurunge panliten iku mlaku ana ing panliten liyane. Sajrone sastra ana saperangan unsur sing mbangun karya sastra yaiku intrinsik lan ekstrinsike. Ana ing ngisor iki bakal kababar ngenani unsur intrinsik sing mbangun karya sastra yaiku tema, latar, alur, tokoh lan penokohan, sudut pandang, gaya bahasa, amanat.

### Tema

Sajroning reription sastra, tema minangka unsur wigati kang asring ana lan dadi dhasar kanggo pangripta kanggo ngrembakakake crita. Nurgiantoro (2000:70) ngandharake menawa tema yaiku sawijining crita kang kanthi khusus ngandharake saperangan unsur kang dadi cara kang biasa. Dhasar crita kasebut yaiku perkara kang dadi punjere pangripta kang ngrembakakake crita. Babagan kasebut saemper karo panemune Aminuddin (2013:91), kang ngandharake menawa tema yaiku ide kang dadi dhasare crita saengga nduweni paedah minangka punjere pangripta njlentrehake reription fiksi kang diripta.

Nurgiantoro (2000:67) ngandharake kanggo nemtokake makna pokok sajrone crita kudu nduweni pangerten ngenani makna pokok utawa tema iku dhewe. Tema kalebu gagasan dhasar lan umum sing nyengkuyung ana sajrone karya sastra lan dadi dhasar bisa jembare saka salah sawijining crita iku, dadi tema uga nduweni sipat pokok sing makili saka sawijining crita. Tema bisa arupa isi moral, etika, agama, sosial budaya, teknologi, tradisi sing ana sesambungan karo kauripan ing ndonya.

### Paraga lan Pamaragan

Tokoh yaiku paraga sing mbangun kedadeyan-kedadeyan sing ana sajrone crita fiksi, dadi kedadeyan-kedadeyan iku bisa nduweni lan ngraketake salah sawijining crita, lan carane pangripta nuduhake tokohe iku diarani penokohan (Aminudin, 2013:79).

Pamaragan utawa perwatakan iku gegambaran ngenani paraga sajrone crita, bisa arupa *pandangan hidup*, *sikap*, *keyakinan*, *adat istiadat* lan sapanunggalane (Suhariato, 1982:31). Carane nggambarake paragane sajrone karya sastra naratif/fiksi dibedakake dadi teknik ekspositoris, utawa teknik analitik lan teknik dramatik (Nurgiantoro, 2000:90). Teknik analitik yaiku nggambarake paraga sajrone crita kanthi cara ndheskripsikake, njlentrehake, utawa panjlentrehan kanthi cara langsung. Nalika nduduhake paragane kanthi cara ora mbulet, kayata langsung ndheskripsikake sikap,

sipate, watake, solah bawane, utawa ciri fisiki. Teknik dramatik yaiku nggambarake paragane kanthi cara ora langsung. Pangripta ora ndheskripsikake langsung sipat lan sikap lan solah bawane paraga sajrone crita.

### Latar (Setting)

Latar/*setting* yaiku panggonan utawa wektu kedadeyan crita. Latar/*setting* sajrone crita biyasane ora amung dadi pituduh kapan lan ana ngendi crita iku kedadeyan, ananging uga dadi panggonane pangripta ngandharake nilai-nilai sajrone crita iku (Suhariato, 1982:32). Montague lan Hensbow (sajroning Sukada, 1985:61) ngandharake yen pigunane latar sajroning telung tandha, yaiku: (1) latar bisa manggonake sawijining karakter, (2) latar uga bisa minangka faktor kang nemtokake tema, lan (3) latar uga bisa minangka alat kang nggayutake tema. Latar sawijining reription sastra yaiku punjer utawa lelandhesan kanggo ngawiti crita.

Nurgiantoro (2000:230) uga ngandharake unsur-unsur latar dadi telu yaiku latar panggonan, latar wektu, lan latar sosial. (1) latar panggonan yaiku tumuju marang panggonan kedadeyan kang dicritakake sajroning reription fiksi, (2) latar wektu yaiku latar kang gegayutan karo perkara kapan dumadine kedadeyan-kedadeyan kang dicritakake sajroning reription fiksi, lan (3) latar sosial yaiku latar kang tumuju marang babagan kang ana gegayutane karo tumindak soziale masyarakat ing panggonan kang dicritakake.

### Nilai Moral

Tembung moral ngrembug ngenani becik lan alane manungsa minangka makhluk, ora ngrembug ngenani becik lan alane patrap apa sing disandhang. Maksud saka patrap sing disandhang kayata manungsa minangka dosen, guru, nanging minangka manungsa (Suseno, 1987:19). Tembung moral asale saka basa latin "*mores*". *Mores* asale saka tembung "*mos*" sing nduweni teges kasusilan, tabiat,, utawa patrap. Moral sing kaya mangkono bisa dimaknani piwulang kasusilan (Salam, 2000:2). Norma-norma moral ditegesi minangka cara kanggo nemtokake bener lan lupute patrap. Dideleng saka becik lan alane minangka manungsa, dudu apa sing disandhang.

Bagus (1996: 672) uga ngandharake yen moral asale saka basa latin *moralis* –*mos*, *moris* sing nduweni teges adat, istiadat, pakulinan, cara, solah bawa, kelakuan. Utawa saka tembung *mores* sing tegese adat istiadat, kelakuan, *tabiat*, watek, akhlak, lan cara urip. Kabeh sing diandharake nduweni sesambungan karo lelakon sing ditindakake manungsa. Dideleng saka babagan becik lan ala, luput lan bener. Gazalba (1981: 512) ngandharake, moral nduweni pamawas sing jumbuh karo tindak tanduke pawongan ngenani becik lan ala. Gazalba ndudut yen moral kalebu sawijine lelakon sing nduweni ukuran karo kesatuan sosial utawa lingkungan tartamtu.

Moral sing ana ing karya sastra, nggambarake kekarepan pangripta marang pamacane. Kekarepan iku bisa awujud nilai sing asipat didaktis. Lumantar karya iku pamaca bisa nambah kawruh. Miturut Kenny sajrone Nurgiantoro (2007:89) ngandharake, moral ing crita

nduweni maksud menehi pamrayoga marang pamaca sing gegayutan karo moral tartamtu asipat praktis. Asipat praktis merga lelakone sing ana crita bisa ditemokake ing kasunyatan.

Nurgiyantoro (2007:323) merang moral dadi telu yaiku (1) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine, (2) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane ing babagan sosial, (3) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo *individu*.

Moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine lumrahe nduweni gegayutan karo agama. Kaya sing diandharake Nurgiyantoro (2007:327) yen agama luwih cundhuk ing ngabektine pawongan marang Gustine kanthi nggunakake paugeran sing wis ditemtokake. Tuladhane kaya tirakat, ndedonga, sholat. Moral kaya mangkono minangka moral sing kudu ditindakake merga kalebu sipat sing becik. Pawongan sing seneng ndedonga, sholat bakal diarani sregep anggone ibadah. Ibadah minangka cara kanggo nuduhake moral becik tumrap Gustine.

Moral sesambungan antarane manungsa liyan utawa sosial ngrembug ngenani becik lan alane patrap tumrap sosiale. Nurgiyantoro (2007:325) ngandharake perkara sing ngrembug antarane manungsa liyan bisa awujud : kekancanan, kasetyan, mblenjani, lan kekeluwargaan.

Moral sesambungan antarane manungsa karo pribadine ngrembug ngenani patrap becik lan ala tumrap ragane dhewe. Nurgiyantoro (2007:324) ngandharake yen perakara sing nduweni sesambungan karo awake dhewe iku lumrah ngrembug ngenani *eksistensi diri*, percaya dhiru, weden, kapang, lan nduweni sesambungan karo kajiwan saka *individu*.

### Konsep Fungsi

Sastra nduweni fungsi kanggo ngarahake ing arah sing nduweni paedah mligi ana ing pembangunan. Kaya naskah sing kalebu perangane sastra nduweni fungsi menehi kaweruh awujud unsur-unsur manusiawi. Reriptan sastra minangka manifestasi lan kristalisasi kauripan bisa menehi piwulang-piwulang ngenani panguripan. Piwulang-piwulang ana sing sinirat lan sinamun. Piwulang sing ana ing reriptan sastra iku kalebu kekarepane pangripta marang pamacane awujud *pesan*. Kaya sing diandharake dening Nurgiyantoro (2007:321) yen reriptan sastra iku katulis kanggo menehi wujud panguripan sing dipenginake. Wujud panguripan ngetokake lelakone panguripan ing ndonya sing *ideal*.

Saliyane iku ana saperangan fungsi sing ana sajrone reriptan sastra. Luxemburg (1984:12) ngandharake yen fungsi karya sastra sastra kaperang dadi telu yaiku 1) piranti kanggo panglipur, 2) prakara sosial, 3) menehi wawasan sing luwih umum ngenani prakara manungsa. Horatius sajrone Budianta (2006:19) nduweni istilah *dulce et utile* ing reriptane *Ars Poetica*. Tegese istilah *dulce et utile* yaiku sastra nduweni fungsi ganda. Fungsi kapisan yaiku panglipur lan kaping loro nduweni manfaat tumrap pamacane.

Sastra nglipur kanthi cara menehi crita-crita sing bisa nggawa pawongan lumebu ing alam imajinasine.

Menehi keindahan lan makna tumrap panguripan kayata kasangsaran, kabungahan, lan kematian. Budianta (2006:19) ngandharake ngenani paedah sastra tumrap pamacane yaiku minangka sarana kanggo menehi piwulang ngenani babagan becik lan ala. Reriptan sastra uga digunakake kanggo nggambarake lelakone urip masyarakat. Dadi bisa didudut yen reriptan sastra minangka sarana kritik sosial.

### Hermeneutika

Hermeneutika yaiku sawenehing Dewa Yunani sing ngirim isi illahi marang manungsa (Ratna, 2004: 45). Hermeneutika saka tembung hermeneuin (Yunani) sing nduweni teges napsirake. Tapsiran kasebut diandharake lumantar basa. Kasusastran perlu ditapsirake jalaran kasusastran kadadeyan saka basa, ing perangan liya sajrone basa akeh makna sing sumimpen utawa pancen sengaja disimpen.

Miturut Endraswara (2008:42), hermeneutik yaiku napsirake reriptan sastra kang nduweni piguna kanggo mangerteni makna ing babagan sastra. Bisa ditegesi yen Hermeneutika ora bisa uwal karo panliten sastra. Sastra nduweni fungsi yaiku menehi isi sajrone reriptane. Isi sajrone sastra nduweni makna-makna. Hermeneutik digunakake kanggo napsirake makna-makna kang ana sajrone sastra iku.

Hermeneutika ora nengenake tintingan makna sing paling bener, nanging nintingi makna paling optimal. Hermeneutika dianggep minangka sawijine metodhe ilmiah sing paling tuwa, amarga hermeneutika wis ana ing jaman Plato lan Aristoteles. Pengalamane manungsa sing diandharake awujud basa sing angel dimangerteni dening para pamaca sabanjure, malah butuh ditapsirake kanthi cara bener. Teks sejarah ditulis sajrone basa sing ruwet ing pirang pirang abad ora digatekake dening para pamaca.

Teori Hermeneutika migunakake cara tafsir kanggo mangerteni makna lan isi sajrone reriptan sastra. Teori iku dirasa trep kanggo nintingi nilai moral sajrone *Serat Kepaten Obor*, merga reriptan sing awujud tembang iki kajupuk nilai morale. Nilai moral sajrone *Serat* kudu ditafsirake merga awujud isi sing ana sasajrone reriptan sastra.

### Lelandhesan Teori

Lelandhesaning teori sing digunakake ing panliten iki ana papat. kaping pisan yaiku struktural kanggo nintingi strukture. Teeuw (1988:135) ngandharake menawa prinsip analisis struktural yaiku ndhudah lan njlentrehake reriptan sastra kanggo nintingi reriptan sastra kanthi jangkep, titi, rinci, lan premati, saengga bisa mangerteni maknane reriptan sastra kanthi utuh.

Nilai moral bakal bakal ditintingi nggunakake konsep sing diandharake dening Nurgiyantoro. Nurgiyantoro (2007:323) merang nilai moral dadi telu yaiku (1) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine, (2) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane

ing babagan sosial, (3) moral sing nduweni sesambungane antarene manungsa karo *individu*.

Kaping telune nggunakake konsep fungsi sing diandharake Budianta. Budianta (2006:12) ngandharake yen karya sastra nduweni fungsi ganda. Kaping pisan yaiku fungsi panglipur kanthi cara menehi crita-crita sing bisa nggawa pawongan lumebu ing alam imajinasine. Menehi kaendahan lan makna tumrap panguripan kayata kasangsaran, kabungahan, lan kematian. Kaping loro yaiku nduweni paedah tumrap pamacane yaiku minangka sarana kanggo menehi piwulang ngenani babagan becik lan ala. Reriptan sastra uga digunakake kanggo nggambarake lelakone urip masyarakat. Dadi bisa didudut yen reriptan sastra minangka sarana kritik sosial.

Konsep sabanjure yaiku konsep Hermeneutik sing diandharake dening Endraswara (2008:42) yaiku napsirake reriptan sastra sing nduweni piguna kanggo mangerteni makna ing babagan sastra. Hermeneutika ora nengenanke tintingan makna sing paling bener, nanging nintingi makna paling optimal. Hermeneutika dianggep minangka sawijine metodhe ilmiah sing paling tuwa

## METODHE PANLITEN

### Rancangan Panliten

Rancangan panliten iki ngandharake ngenani jinise panliten sing digawe kanggo nintingi naskah sing bakal diteliti. Naskah arupa karya tulis minangka objeke. Mula saka iku panliten iki nggunakake panliten Dheskriptif Kualitatif. Wujud saka panliten iki sipate alamiah lan ngasilake data dheskriptif arupa ukara-ukara tulis utawa lisan saka pawongan, patrape pawongan, utawa dhata-dhata liyane sing bisa dijingglengi dening panliti (Sangidu, 2004:7).

Panliten nggunakake panaliten dheskriptif kualitatif yaiku panliten sing adhedhasar kasunyatan-kasunyatan kanti empiris tuwuh karo sumbere (Sudaryanto, 1993:62). Panliten dheskriptif kualitatif nengenake ana ing dhata alamiah. Dhata iku nduweni sesambungan karo anane konteks. Nilai moral minangka babagan sing arep diteliti cetha ana ing sumber dhatane. Iku disambungake karo kasunyatan-kasunyatan. Panliten dheskriptif kualitatif sajrone naskah "*Kepaten obor*" iki bakal ngandharake ngenani kasunyatan-kasunyatan sing ana sajrone teks. Mligi sing bakal diandharake yaiku ngenani isi awujud nilai moral. Sawise nganalisis ana ing nilai morale banjur menehi fungsi saka reriptan sastra iku. Struktur saka SKO awujud tedhakan iki uga ora bakal dilirwakake merga nggunakake tintingan Struktural.

### Sumber Dhata

Sumber dhata awujud buku, dokumen, kalawarti ilmiah lan liyane kuwi kalebu sumber data tertulis (Moleong, 2010:159). Sasaran saka panliten iki nintingi struktur sajrone SKO, banjur nggoleki nilai moral kang dadi punjere panliten. Digayutake karo fungsi saka nilai moral kang kajupuk saka reriptan iku.

Arikunto (2006:129) ngandharake menawa sumber dhata yaiku subjek asale dahata sing kajupuk. Sumber dhata sing utama sajrone panliten iki yaiku SKO

sing dinduweni Museum Radya Pustaka, Surakarta. SKO awujud tedhakan utawa wis disalin. Saliyane iku uga ana translitrasine. Mula saka iku sing bakal dianalisis njujug ing translitrasi, ora kaya filologi sing uga nganalisis ana ing panulisan *serat*. Basa kang digunakake yaiku basa jawa sing lumrahe kanggo cecaturan sabendina. SKO iki katulis tangan mawa aksara Jawa lan kawangun saka 36 kaca.

### Dhata

Dhata mujudake salah sawijining piranti sing bakal ditintingi. Ratna (2004:47) ngandharake sajrone ilmu sastra, sumber dhata sing digunakake arupa rriptan utawa naskah minangka dhata formal sing awujud tembung-tembung, ukara, lan wacana. Dhata sing bakal diteliti ing panliten iki arupa sakabehe tembung-tembung lan ukara sajrone SKO. Mligine tembung-tembung utawa ukara sing ngandhut nilai moral sing gegayutan karo pribadhi, wong liya, lan pangerane. Saliyane iku uga nggoleki fungsine.

### Tata Cara Ngumpulake Dhata

Miturut Siswanto (2010:73) pangumpulan dhata iku minangka babagan sing mligi ing panliten. Apik orane panliten gumantung saka data kang dikumpulake. Supaya luwih cetha bakal diandharake ngenani tata carane ngumpulake dhata. Pangumpulan dhata ing panliten iki gegayutan karo teknik maca, nyathet, lan kapustakan. 1) Teknik pustaka, teknik sing ditindakake kanthi nglumpukake dhata arupa buku kang nyengkuyung panliten lan nggampangake panliti kanggo mikolehi rreferensi, 2) Teknik cathet, teknik iki ditindakake kanthi maca sakabehane SKO lan menehi tandha marang catetan tartamtu. Babagan iki dilakoni supaya dhata sing digoleki kanggo nyengkuyung panliten bisa luwih gampang. Tahap-tahap sing digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku :

- 1) Netepake SKO minangka objek sing bakal diteliti.
- 2) Panliti maca kabeh isine SKO kanthi dibolan-baleni.
- 3) Panliti nggawe ringkesaning crita saben pupuh kanthi cara nyathet.
- 4) Nyathet bab-bab sing nudohake isi saka nilai-nilai moral.
- 5) Nyathet teori-teori sing jumbuh karo tujuwan saka panliten.
- 6) Nglebokake dhata-dhata lan nglarasake karo data liyane supaya analisis bisa runtut lan jumbuh.

### Tata Cara Pangolahane Dhata

Tata cara pangolahan dhata iki nduweni ancas supaya apa sing diteliti iki bisa ngasilake analisis sing runtut lan jumbuh karo ancasing panliten. Ing kene panliten diajab bisa nata kasile panliten saka kawitan nganti pungkasan lan kanthi runtut uga cetha.

Tata cara kang digunakake kanggo nganalisis dhata iki nggunakake dheskriptif kualitatif. Analisis dheskriptif kualitatif yaiku analisis sing ditindakake kanthi cara ngandharake kedadeyan utawa prastawa (Moleong, 2010:238).. Banjur disusun karo anane analisis. Motede dheskriptif digunakake kanggo nggambarake

kanthi cara sistematis dhata-dhata sing faktual lan ngenani fakta-fakta sing gegayutan karo objeke.

Metode analisis digunakake kanggo nganalisis struktur saka SKO, nilai moral sing kinandhut, lan fungsi saka reription iku marang pamacane. Teori sing digunakake kanggo nganalisis yaiku teorine Nurgiyantoro.

Tata cara nganalisis data ing panliten iki kanthi runtut bisa diandharake kaya ing ngisor iki:

- 1) Nganalisis struktur mligi ing intrinsike sing ana ing SKO nggunakake teori struktural.
- 2) Nalika ngandharake nilai moral lan fungsi ing SKO nggunakake teori *hermeneutik*, senajan kanggo ndhudah nilai moral nggunakake konsep teori Nurgiyantoro, lan konsep fungsi sing diandharake Budianta.
- 3) Menepi dudutan adhedhasar analisis sing wis ditindakake kanthi metode sing wis dipilih.

#### JLENTREHAN LAN ASILE PANLITEN

Bab IV iki ngandharake ngenani jlentrehan lan asile saka panliten. Diwiwiti saka nganalisis struktur Kepaten Obor, nganalisis nilai moral lan fungsine. Luwih cetha bakal kababar ing ngisor iki.

#### Deskripsi Naskah

Deskripsi naskah nduweni tujuwan kanggo nuduhake kahanane naskah sing digunakake kanggo obyek panliten iki. Bab-bab sajrone deskripsi naskah antarane, irah-irahan naskah, panulis lan wektu panulisan naskah, ukurane naskah lan cacah kaca, lan liya-liyane sing gegayutan karo fisike naskah (Djamaris, 1997:12). Deskripsi naskah ing kene bakal diandharake ora kaya njlentrehake ing tintingan filologi, merga tintingan sing digunakake ing kene tintingan struktural, dadi amung sadherma wae ngrembug babagan deskripsi naskah. Luwih cetha bisa dideleng ing ngisor iki.

SKO kalebu serat tedhakan, lan ana translitasine. Tulisane awujud aksara Jawa. Basane nggunakake basa Jawa lumrah utawa ora nggunakake basa sansekerta utawa kawi. Tulisan ing translitasine nggunakake ejaan lawas. SKO Kawangun saka 36 kaca. Jumlah larik saben kaca ora mesthi. Metrum sing digunakake yaiku metrum tembang macapat lan kawangun saka 15 pupuh. Pupuh Mijil ana 2, Asmarandana ana 2, pupuh Sinom ana 1, Kinanthi ana 2, Megatruh ana 2, Pucung ana 1, Dhandhanggula ana 3, Durma ana 1, Pangkur ana 1.

SKO nduweni dawa 30 cm lan amba 19 cm. Serat iki awujud fotokopi, dadi kertas sing digunakake dening panulis ora bisa dimangerteni. Basa lan tulisane uga isih bisa diwaca kanthi cetha. Pangripta lan kapan ngiptane ora bisa ditemokake ing seseratan. Ing manggala lan kolofon uga ora ana sing nerangake ngenani sapa pangriptane. Saka Museum Radya Pustaka dhewe uga ora ngerteni kanthi cetha sapa pangriptane.

#### Struktur Intrinsik Kepaten Obor

##### Tema Mayor

Tema kaping pisanan yaiku tema mayor. Tema mayor ing SKO yaiku “Kaprawiran”. Panliten njupuk tema mayor iku merga nyritakake ngenani lelakone Subur

kepengin nggayuh kepengine dadi priyayi ing praja. Ana siji perkara sing disandhang nalika dheweke arep didadekake patih. Praja nduweni wewaler tumrap sapa wae sing bakal dadi priyayi. Salahsawijine yaiku kudu asli turunane wong priyayi. Subur kalebu anake wong ora nduwe lan dudu turunan priyayi. Dheweke kalebu wong asor. Kaya cuplikan ing ngisor iki :

*sanalika nata sepuh nglirik  
lan ngendika alon  
iku yayi banget prayogane  
nanging ana walere saithik  
tumrapping pepatih  
kudu asli luhur (XIV, 22)*

*mangka mungguh pilihanmu kuwi  
bocah turun asor  
saupama kalakon mesthine  
ngasorake keprabonmu yayi  
kang mangkono kuwi  
prayoga dirembug (XIV,23)*

Pethikan kasebut nuduhake ngenani lelakone Subur sing kepenggak nalika arep dadi patih. Pangeran Dipati nduweni pamanggih, yen patih sing pantes nyandhing dheweke mung Subur. Subur nduweni sipat satriya sing ora diduweni dening prajurit liyane. Sipat sing diduweni dening Subur tetep ora bisa nglunturake paugeran ing praja. Sapa wae sing arep dadi priyayi ing praja kudu asli turune priyayi. Saora-orane pawongan sing bakal nglungguhi kursi patih ora asor derajate, merga yen kedadeyan kaya mangkono bisa ngasorake keprabone Raja sing bakal sumandhing.

Wekasane Subur tetep bisa dadi Patih sawise Biyunge menepi panjlentrehan ngenani tedhak turune. Subur pranyata kalebu anake priyayi, lan sipat saka priyayi iku bisa dideleng saka patrap anake merga Kendal, tatag lan bisa merjayani Pangeran dipati.

##### Tema Minor

Tema minor nduweni teges tema kang ana saben pupuh mligi ing reription sastra awujud serat. SKO iki nduweni tema saben pupuh utawa tema minor, kaya kutipan ing ngisor iki :

I. Warandha Mlarat

*Mijil  
pawitane wong ngawula kuwi  
thole banget abot  
mungguh kowe jeneng ora duwe  
bonda apa sing kanggo nguwati  
pintermu mung tani  
nyekel garu luku (II,17)*

*iku bae saka nenempil  
srah bau nyanh uwong  
kowe jeneng ora nduwe dhewe  
mangka uwong ngawula priyayi  
kudu becik apik  
tata krama weruh (II,18)*

Kutipan ing ndhuwur nduweni irah-irahan ing pupuhe yaiku “Dongeng Nyai Warandha”. Irah-irahan sing kaya mangkono ora bisa didadekake tema minor. Tema minor kajupuk yen pawongan wis maca lan bisa ngerteni maksud saka pupuh iku. Kaya tuladha ing ndhuwur, ringkese nyritakake ngenani Subur sing ngudarasa marang biyunge. Dheweke wis kalebu pawongan sing ngumur (kalebu wis akeh umure lan bisa diarani wis gedhi) lan nduweni gegayuhan kepengin ngawula ing praja. Mbok Warandha kaget merga Subur kalebu anake wong ora duwe. Mokal banget bisa kasembadan gegayuhane.

Saka ringkesan kasebut bisa didudut yen tema minor ing pupuh kapisan yaiku “cebol nggayuh lintang”. Tema iku kalebu unen-unene wong Jawa, tegese wong duwe panggayuh sing mokal kacandhake. Subur diupamakakake dadi cebol sing kepengin nggayuh lintang. Lintang sing mapan ana ing angkasa, mokal bisa dicekel dening wong cebol.

### Paraga lan Pamaragan Sajrone Kepaten Obor Subur

Subur ing serat nduweni kalungguhan minangka paraga utama. Saperangan crita ing pupuh-pupuh nyritakake paraga utama iki. Minangka paraga sing nyandhang anake wong ora nduwe, akeh banget watak sing diduweni dening Subur saka sabar, ikhtiar, kerja keras, tanggung jawab, nduweni rasa welas, keras lan sapanunggalane.

Nduweni solah bawa kaya lumrahe priyayi ing negara minangka salah sawijine watake Subur. Ngolah tata krama nganti ngolah kaprigelane nalika perang uga dilakoni. Sawetara ana telung sasi dheweke bisa madhani kanca-kancane sing kalebu tedhak turune priyayi. Kaya cuplikan sing ana ngisor iki :

*ngono mau  
nyatane ketok katemu  
sawise watara  
tekan mangsa telung sasi  
solah bawa tan ngemperi bocah bocah (VI,29)*

*barang laku  
sarwa bregas tanpa kaku  
ecake trangginas  
ceg-ceg rampung rikat trampil  
ora kalah karo priyayi nagara (VI,30)*

Anggone nggulawenthah ing praja nduweni pangaribawa sing gedhe banget. Sakabehe sing ditindakake dening Subur tansah katata. Solah bawane uga ora kalah karo anake para priyayi. Lakune uga sarwa bregas, cag-ceg ditindakake kanthi cepet. Ora nduweni rasa kaku, dadi kaya-kaya wis lumrahe nglakoni babagan kaya mangkono. Sejatine panggaweyan kaya mangkono mokal bisa ditindakake dening wong desa lan anake wong ora nduwe, nanging Subur bisa nuduhake marang kanca-kancane yen wong cilik bisa nindakake pakaryan lumrahe para priyayi. Dheweke uga nuduhake marang kanca-kancane sing gaweyane tansah ngina marang dheweke.

### Nyi Warandha

Nyi Warandha minangka biyung saka Subur. Nyi Warandha nduweni watak sing lumrah diduweni para Ibu marang putrane. Welas asih, lan tresna minangka watak sing diduweni dening Nyi Warandha. Ora mung karo putrane dhewe, rasa welas asih uga ditindakake dening Sang Biyung marang wong liya. Kayata marang tangga teparone dheweke uga seneng tetulung lan menehi jampi marang sapa wae sing merlokake.

Watak Nyi Warandha yaiku seneng tetulung. Kaya nalika dheweke nambani lara sing disandhang Pangeran Dipati. Cetha banget mungsuh, malah dijampeni. Watak kaya mangkono angel banget ditemokake. Akeh-akeh pawongan yen marang musuh mesthi wedine lan kemrotog banget ing ati.

*kawulane kabeh cedhak padha ngrubung  
ngupakara marang Gusti  
kocap ana uwong maju  
hamiyak para prajurit  
bareng ketok uwong wedhok (X,5)*

*nuli clathu amit sadaya priyantun  
kula pareng anyelaki  
badhe turut urun rembug  
sukur saged anjampeni  
wong-wong sing weruh malenggong (X,6)*

*ana ngendheg karo mancereng clathu  
aneh temen kowe kuwi  
awit kowe iku mungsuh  
ya arep ngakuwa becik  
mesthi disamarke uwong (X,7)*

Pethikan kasebut nuduhake yen Nyi Warandha dadi musuhe Pangeran Dipati. Pangeran Dipati wektu iku lagi nandang kasangsaran yaiku tangane kena pedhang nalika perang. Nyi Warandha minangka pawongan sing ngerteni babagan jamu kepengin menehi pitulungan. Kamangka dheweke kalebu pawongan sing disia-sia dening musuhe, nanging Nyi Warandha tetep kepengin nulungi. Dheweke nduweni pamawas yen rasa tulung tinulung ora amung marang pawongan sing ditresnani, marang musuh uga perlu tulung tinulung ye pancen iku bisa ndadekake senenge liyan. Bakune rasa kamanungsan aja nganti ilang merga anane musuhan.

### Prabu Naranata

Prabu Naranata yaiku Raja sing nduweni kuwasa sing gedhe ing negara. Watak sing diduweni kayata kereng. Minangka Raja, patrap kaya mangkono pancen kudu diduweni. Supaya para andhahan praja bisa nduweni wedi lan sungkan marang dheweke. Kaya cuplikan ing ngisor iki :

*kyai patih nganti nyentak  
wis ta enggal matura he prajurit  
kadekes-kadekes Subur  
kyai patih priksa  
nuli dhawuh cah anyar nuliya matur  
Subur sawise nyembah banjur matur teteh kritis (IX,6)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake ngenani dukane Prabu merga ora ana andhahane sing gelem ngomong babagan asiling paprangan. Kabeh padha meneng dhewe-dhewe merga ora ana sing wani marang prabu. Wedi yen prabu keladuk marang para prajurit. Wekasane Prabu nyentak lan katon kerenge. Prabu nduweni kekarepan supaya para prajurite bisa nduweni wedi lan gelem nindakake apa sing dikersakake. Kekarepane awujud wangsulan ngenani asiling perang. Pancen akeh-akeh Raja nduweni sipat sing mangkono yaiku kereng. Kabeh iku diajab supaya para andhahane padha wedi lan manut marang dhawuhe.

#### **Pangeran Dipati (Adhi Prabu Naranata)**

Pangeran dipati yaiku adhi saka Prabu Naranata. Watak sing diduweni ing wiwitane crita yaiku ora nrima lan ora sranta, jalarane merga gegayuhane dadi Raja ora bisa kasembadan. Dheweke tansah madhep mantep marang kepengine dadi Raja ing dina iku. Ngganteni kalungguhane swargi ramane, nanging iku nerak paugeran lan dhawuhe ramane. Ramane nate dhawuh, yen sing bakal ngganteni kalungguhane dadi Raja kaping pisan yaiku putra kaping pisan. Watak ora nriman sing diduweni Pangeran Dipati bisa dideleng ing pethikan ngisor iki :

*ing sawise kelakon gumanti  
pangran sepuh jumeneng narendra  
kang anom pangran patine  
ananging pangran mau  
durung trima mangkono kuwi  
ing panggalih kasesa  
hmung kudu-kudu  
tumuli digentosona  
dadi ratu suwe-suwe aja nganti  
ing mbesuk prelu apa (VII,3)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake ngenani ora trimane Pangeran Dipati marang putusan kang rama. Atine mung pengin ngganteni kalungguhane kakangane yaiku Prabu Naranata, merga yen dipikir prelu apa upama dadi ratu ing mbesuke. Raga yawis ora enom. Ora bisa mimpin rakyat, uga ora bisa nguwasani apa wae sing ana ing praja.

#### **Patih**

Praja nduweni patih sing banget anggone gumati. Saliyane iku dheweke uga nduweni tata krama sing becik banget. Lumrahe marang Raja dheweke tansah mituhu lan kurmat. Senajan Patih, dheweke uga asih banget marang Prabune. Kaya pethikan ing ngisor iki :

*ing kang makaten punika  
mung cumadhong kaparengipun gusti  
ki patih sakala mau  
ketok banget hanggarap  
saka water yen didukani sang prabu  
awit menyang sang pangeran  
sang prabu kaliwat asih (IX,9)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake ngenani anggone patih sing khawatir marang Prabune. Saliyane iku dheweke uga asih banget. Kaya nalika didukani Sang Prabu dheweke pancen katon yen wedi lan khawatir. Atine beda, senjata wedi lan khawatir dheweke sejatine asih. Kaya ing gatra pungkasan yen Sang Prabu keliwat asih. Kaya mangkono anggone Patih gumati lan asih marang Prabune.

#### **Latar Sajrone Kepaten Obor**

##### **Latar Panggonan**

Nurgiyantoro (2000:230) ngandharake, latar panggonan yaiku tumuju marang panggonan kedadeyan kang dicritakake sajroning reriptan fiksi. SKO nduweni telu latar panggonan yaiku padesan, praja lan alas.

##### **Latar wektu**

Nurgiyantoro (2000:230) ngandharake, latar wektu yaiku latar kang gegayutan karo perkara kapan dumasane kedadeyan-kedadeyan kang dicritakake sajroning reriptan fiksi. Latar wektu ing SKO yaiku isuk, awan, lan bengi.

##### **Latar Sosial**

Nurgiyantoro (2000:230) ngandharake, latar sosial yaiku latar kang tumuju marang babagan sing ana gegayutane karo tumindak soziale masyarakat ing panggonan kang dicaritakake. Latar sosial ing SKO yaiku wong desa lan wong praja.

#### **Nilai Moral Sajrone SKO**

Becik lan alane manungsa iku kaperang dadi telu miturut Nurgiyantoro (2007:323) yaiku (1) moral kang nduweni sesambungane antarene manungsa karo individu, (2) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane ing babagan sosial, (3) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine. Saka perangan ing ndhuwur bakal diandharake nilai-nilai moral sing ana ing serat.

#### **Sesambungan Karo Gustine**

##### **Ndedonga**

Moral kaping pisan sing sesambungan karo Gustine yaiku tansah ndedonga. Donga (do'a) saka tembung basa arab ad-du'a salahsawijining tetembungan sing ngrembug ngenani makna lan interpretatif. Akeh pawongan sing negesi yen donga iku perangan saka ibadah, nanging ana sing ngandharake yen donga iku kalebu ibadah (Fajar, 2011:11). Kaidah basa Arab negesi du'a saka fi'l madhi (kata kerja bentuk lampau): da'a. Wujud mashdare bisa da'watan utawa du'a'an, upama sing digunakake da'watan tegese yaiku ndedongane para kawula marang Gustine nggunakake saperangan cara kayata hikmah, mau'idhoh hasanah lan mujadalah. Du'a'an nduweni makna yaiku panjaluke makhluk saka derajat cilik marang derajat sing gedhe (Fajar, 2011:23).

Minangka sawijining pawongan sing nduweni pangeran lan nduweni kapercayan, ndedonga dadi babagan sing wigati. Anane ndedonga merga nduweni saperangan sing dikarepake. Ndedonga marang Gustine



minangka salahsawijine cara kanggo mujudake kekarepan. Iku wujud tumindak sing paling becik digunakake.

Kanggo mujudake kekarepane, saperangan pawongan ndedonga marang samubarang sing ora katon kayata jin, setan, iblis lan sapanunggalane. Ana kala mangsane ndedonga ing piranti sing ora urip kaya watu lan sapanunggalane. Ing ngisor bakal diwenahi pethikan ngenani ndedonga marang Gustine. Supaya bisa menahi gegambaran sing becik lan trep karo paugeran.

Fajar (2011: 36) ngandharake sajrone ilmu tasawuf, ndedonga ora mung ngersakake kepenginan marang Gustine supaya bisa diijabah, nanging sawijining proses ngabekti lan sumarah sing dilandhesi unsur tresna marang Gustine. Mula saka iku pethikan ing ngisor bisa menahi gegambaran sing trep.

*o Allah muga anakku  
katampnana nggone ngabdi  
tak rewangi kurang mangan  
kurang turu saben bengi  
muga bisa kasembadan  
kecedhak karo priyayi (IV,11)*

*anakku mung siji Subur  
dadi anake wong miskin  
andekna duwe panjangka  
kepengin dadi priyayi  
pujiku mung muga muga  
sasedyane hanemoni (IV,12)*

*muga anakku si Subur  
tetep pinaringan eling  
di dohna sabarang godha  
sabar nulura kang ati  
cedhaka lan kuwarasan  
larane tansah ngedohi (IV,13)*

Pethikan kasebut nyritakake ngenani mbok Warandha sing tansah ndedonga marang Gustine kanthi ukara “oh Allah muga anakku”. Si mbok ndedonga muga apa sing dikarepake anake bisa kasembadan yaiku ngabdi ing praja supaya bisa dadi priyayi. Dheweke nganti ngurangi anggane mangan lan turune. Saliyane iku Nyi Warandha nduweni pangarep-arep supaya Subur tetep pinaringan eling, diadohake saka sasembarang godha, tansah pinaringan kawarasan lan nduweni ati sing sabar ngadhepi lelakone nalika ing praja.

Kurang turu ing jaman saiki lumrahe pawongan ngarani tirakat. Tirakate digunakake kanggo ndedonga. Ana sing ngandharake yen nalika pawongan ndedonga ing tengah wengi apa wae kekarepan bisa diijabah kanthi cepet. Ing tengah wengi akeh pawongan sing wis ngaso lan jarang sing mikirake ngenani pangarep-arepe. Upama dipikir logika, panjaluke pawongan sadonya sing munggah marang Gustine mung saperangan wae. Saka saperangan donga iku Gusti bisa meruhi lan menahi anugrahe. Saliyane iku, pawongan sing nindakake ndedonga ing tengah wengi uga luwih abot, merga kudu ngalahake rasa ngantuke.

Saka pethikan ing ndhuwur uga bisa dadi sawijining ngelmu. Aja nganti nglalekake ndedonga ngenani elinge raga lan janma. Kaya ukarane mbok Warandha “mugi tansah eling” lan “larane tansah ngedohi”. Babagan kaya mangkono nuduhake supaya pawongan tansah pinaringan eling marang Gustine, merga saiki akeh banget pawongan yen wis kasembadan apa sing dipenginake sok kadhang lali marang Gustine. Ora ngelingi kepriye nalikane tirakat, lan njaluk. Kabeh direwangi niba tangi, banjur ketemu dalane. Sabanjure lali marang sapa sing ndudohi dalan iku. Gegambaran kaya mangkono ora becik banget ditiru. Mula moral ngenani sesambungan karo Gustine mligi ana ing ndedonga aja nganti dilalekake. Saka donga iku awake dhewe bisa cedhak marang Gusti.

### Syukur

Syukur yaiku rasa panuwun marang rahmat saka Gustine. Kharraz (sajrone Suyadi, 2008:1) negesi yen syukur yaiku ngakoni marang Gusti sing menahi nikmat lan ngandharake rububiyahNya. Al-Qur'an ing surat ar-Rahman uga ngrembug ngenani syukur, ing ayat 29-30 sing unine “semua yang ada di langit dan bumi selalu meminta kepadaNya. Setiap waktu Dia dalam kesibukan. Maka Rabbmu yang manakah yang kamu dustakan?”.

Tansah syukur kudu tetep ditindakake. Nrima marang apa wae sing ditampa minangka sesambungane. Syukur bisa nambahi gedhene ati marang sing nindakake. Gustine mesthi ngerteni marang syukure pawongan banjur pawongan nampani anugrah lan rahmat sing tambah akeh. Rasa syukur bisa awujud coba saka Gustine lan anugrah. Kaya pethikan ing ngisor iki :

*Kang diatur  
ing saiki Jaka Subur  
wis tetep katampn  
kalebu dadi prajurit  
momoran lan wong-wong anom bregas-bregas (VI,1)*

*Jaka Subur  
ing batine tansah sukur  
lan muga bisaa  
nindakake sabarang wajib  
aja nganti pagaweyane kuciwa (VI,2)*

Pethikan kasebut nyritakake ngenani syukure Jaka Subur sing katiban rahmad saka Gusti. Rahmad iku awujud ketampnane dadi prajurit ing praja. Momorane karo wong wong sing bregas-bregas, lan kalebu anake priyayi. Senajan wis katrima, dheweke tansah anggagas supaya bis nindakake sabarang wajib. Aja nganti nguciwakake Gustine.

Syukur kalebu moral sing becik. Mula kudu dicakake. Sapa wae sing syukur mesthi bakal ditambahi maneh rejekine dening Gusti. Masiya awujud coba iku minangka tandha arep munggahe dRajad saka pawongan. Nrima ing pandung awujud syukur tegese kurmat lan ngabekti marang lelakon sing lumaku.

### Sesambungan Karo Manungsa utawa Makhluk liya Ngugemi Unggah-Ungguh

Unggah-ungguh kalebu moral marang liyan merga gegayutan karo patrape pawongan. Ungguhunggu nduweni teges tata pranataning basa manut tata krama (Atmodjo, 1996:411). Tuladhane nalika cecaturan. Ngurmati marang liyan sing luwih tuwa kalebu unggah-ungguhing wong Jawa. Jumbuh karo andharane Setiyanto (2007:1) yen reroncening ukara utawa basa sing digunakake nalika cecaturan karo liyan kasebut unggah-ungguhing basa.

Unggah-ungguh ora mung ing babagan basa wae. Patrap lan solah bawa uga bisa dadi perangan saka unggah-ungguh.. Nalika pawongan nduweni unggah-ungguh sing becik mesthi pawongan liya bakal ngregani, semana uga sawalike. Unggah-ungguh bakal dideleng lan diwenahi pambiji dening sapa wae sing meruhi

Unggah-ungguh minangka patrap sing kudu ditindakake. Paugeran unggah-ungguh ing praja kaperang dadi telu. Kaping pisan yaiku unggah-ungguh marang priyayi. Kaping pindho unggah-ungguh marang sing luwih tuwa. Pungkasane unggah-ungguh marang liyane utawa sapadha-padha. Kaya pethikan ing ngisor iki :

*pawitane wong ngawula kuwi  
thole banget abot  
mungguh kowe jeneng ora duwe  
bonda apa sing kanggo nguwati  
pintermu mung tani  
nyekel garu luku (I,17)*

*iku mung saka nenempil  
srah bau nyang uwong  
kowe jeneng ora duwe dhewe  
mangka uwong ngawula priyayi  
kudu becik apik  
tata krama weruh (I,18)*

Pethikan kasebut ngandharake unggah-ungguh nalika kapethuk priyayi. Pawitane wong ngawula kuwi jebul abot banget. Kudu nduweni bandha sing akeh lan kudu becik uga weruh marang tata krama. Jebule Subur iku wong ora nduwe. Pintere mung tani lan mung nyekel garu lan luku. Babagan ngenani unggahungguh mligi tata krama kudu digulawenthah. Apa maneh ing negara, sing srawungane karo para priyayi. Babagan kaya mangkono dadi gumati banget.

Wong ngawula iku kudu becik apik lan tata krama weruh. Mula saka iku tata krama ing praja tansah digulawenthah. Kepriye carane cecaturan karo Raja, kepriye solah bawa nalika ing praja, kepriye paugeran nalika urip praja. Perangan saka andharan kasebut kalebu paugeran sing munjer marang tata krama. Sawise ngerteni ngenani paugeran tata krama, kabeh bakal kepenak nalika disawang. Para priyayi uga diajeni dening kawulane.

### Seneng Tetulung

Seneng tetulung kalebu moral sing gegayutan karo liyan. Tetulung saka tembung lingga tulung, tegese awèh pembantu/ kekuwatan marang liyan (Atmodjo,

1996:399). Mula saka iku, Ora ana wong sing bisa urip dhewe. Mesthi mbutuhake wong liya. Nalikane lara, wong ora bisa nambani awake dhewe. Seneng tetulung tegese padha karo menehi pitulungan antarane wong siji lan sijine (wong sing ditulungi lan sing menehi pitulungan).

Seneng tetulung ora bakal ngrugekake, mesthi bakal antuk piwales saka pawongan sing ditulungi. Sing penting niat kanthi ikhlas, Gusti bakal menehi piwales sing luwih. Wong sing seneng tetulung uga bakal antuk piwales becik saka liyan. Kaya pethikan ing ngisor iki :

*ing ngatase uwong desa miskin  
ing rupa wis moncol  
ora kalah lan bocah liyane  
sing kawilang anake wong sugih  
sanadyan priyayi ora kalah bagus (I,6)*

*karo duwe wewatakan becik  
gawe reseping wong  
randha mau katelah arane  
nyai dhukun saka sok nulungi  
uwong suker sakit  
awit ngerti jamu (I,7)*

Pethikan kasebut nyritakake lelakone Nyi Warandha lan Subur. Kekarone kalebu wong mlarat nanging nduweni watak becik. Tuladhane, tansah menehi tetulungan marang liyan. Pitulungane awujud menehi jampi marang wong sing nandang lara. Putrane uga ora kalah. Senajan anake wong ora nduwe, baguse ora kalah karo anake priyayi.

Andharan kasebut minangka gegambaran yen ngelmu sing diduweni nggawa paedah. Saka senenge menehi tetulung bisa nggawe reseping ati pawongan liya. Wekasane, wong liya bakal nduweni rasa gumati sing luwih marang dheweke. Dadi seneng tetulung nduweni paedah sing akeh lan ora bisa dinyana.

### Ngabekti

Ngabekti asale saka tembung lingga bekti. Tembung bekti nduweni teges pakurmatan (Darminto, 2010:41). Bisa ditegesi yen ngabekti yaiku ngurmati. Ngurmati kalebu nilai moral sing becik, merga kalebu ngregani marang wong liya. Ora nglarakake ati liyan lan ora ngrugekake liyane. Ngurmati ana tatarane. Lumrahe ngurmati iku ditindakake dening wong nom marang sing luwih tuwa, prajurit marang Rajane, marang wong sing luwih pinter, lan marang wong sing dikira nate nduweni jasa. Ngabekti utawa ngurmati uga lumrah ditindakake karo pawongan sing padha nduweni rasa tresna. Kaya pethikan ing ngisor iki.

*kacarita kanjeng pangeran pati  
hmung kurang sasiliring bawang  
keris kari blese bae  
kono nuli ditubruk  
ing wong wedok saka ing mburi  
hanjeleh banget nyengka  
dhuh anakku Subur  
lah thole kowe elinga*

*ora ilok kowe wani menyang gusti  
elinga aku sapa (XII,1)*

*Subur kaget lan nyawang mecil  
weruh cetha biyunge sing misah  
keris grewel tiba dhewe  
nuli mlayoni ngrangkul  
karo sambat kamoran tangis  
ra nyana pisan pisan  
jebul kowe biyung  
awit mungguh ing pangira  
mokal banget yen kowe isihana urip  
sing mesthi wis pralaya (XII,2)*

*katujune biyung kowe isih  
saupama kowe ora ana  
pangeran mesthi sedane  
mbokne nuli clathu  
karo ngingser Subur le linggih  
dihadhepake pangeran  
wis ta kowe Subur ayo nuli ngabektiya  
biyen mula kuwi pancen iya gusti  
saiki ora beda (XII,7)*

Pethikan kasebut nyeritakake ngenani Subur sing banget ngabekti marang wong tuwane. Iku katon nalika dheweke kepengin matine Pangeran nanging ora sida. Perkarene yaiku ana biyunge sing nulungi marang Pangeran. Sawise ngerti yen biyunge isih sugeng Subur banjur ngeculake anggane nyekel keris sing arep diunusake ana ing weteng.

Saka pethikan kasebut ana tetembungan sing nulis ngenani ngabekti. Iku ana pada kapitu, gatra kapitu. Nyi Warandha kandha marang Subur supaya ngabekti marang Rajane. Senajan wis dadi mungsuh, nanging iku isih kalebu Gustine dhewe. Bisa ditegesi pawongan jaman ndhisik nduweni patrap, merga mungsuh wae kudu tansah dikormati.

### **Sesambungan Karo Individu Open Marang Resikan**

Open marang resikan (memelihara kebersihan) yaiku sawijine patrap kang becik, merga ana unen-unen sing ngandharake yen kebersihan sebagian dari iman. Mula saka iku, njaga samubarang supaya tansah resik mligine marang awake dhewe. Ana pawongan sing seneng jaga resikan piranti liya, nanging awake dhewe nganti ora kopen. Luwih becik sinau saka awake dhewe wae.

Resik iku sejatine gawe ayeme ati awake dhewe. Kaya adus njaga resike klambi mesthi bakale menakake ana ing raga, merga klambi tansah wangi lan raga tansah seger. Kaya pethikan ing ngisor iki :

*Subur lan embokne nuli  
pada adus tata-tata  
arep tumindak ing gawe  
sanadyan pada karipan  
nanging ora dirasa  
jaka Suburnuli mlaku  
karo nyinom parinjata (II,24)*

Pethikan kasebut nuduhake yen ing SKO uga ngrembug ngenani senenge marang resikan mligine ing awake dhewe. Titikane ana ing gatra kaloro sing unine “pada adus tata-tata”. Iku mung negesake yen resikan iku pancen perlu. Ing jaman biyen wae pawongane gumati banget marang resikan. Kamangka apa wae tansah tradhisional, kaya njupuk banyu saka sumur ora nggawe piranti elektronik. Senajan kaya mangkono tetep nindakake kewajiban resik marang ragane. Pethikan ing ndhuwur uga ngandharake senajan padha karipan isih nglodhangake wektune kanggo ngopeni resikan. Iku minangka patuladhan becik saka moral resik marang ragane dhewe.

### **Tatag**

Tatag sawijine sipat saka kendele pawongan. Wong tatag mesthi nduweni kekendelan. Nanging wong kendel durung mesthi nduweni rasa tatag. Tatag metu nalika ana perkara sing teka marang dheweke. Anggone ngadhepi perkara iku tanpa ana rasa sumelang merga dheweke ngrasa ora ana salah marang apa sing ditindakake. Kaya pethikan ing ngisor iki :

*wis kabeh padha mundura  
entenana dhawuh dukaning gusti  
mung kowe dhewe Subur  
ana kene keriya  
kowe arep tak irid sowan malebu  
aku ora bisa nimbang  
priye keparenge gusti (IX,12)*

*apa kuwi cah anyar  
patih matur kawula nuwun inggih  
nuli ngandika sang prabu  
kowe iku Subur ya  
Subur nyembah nun inggih Kanjeng Sinihun  
nggone matur kanthi tatag  
ora nggango wedi-wedi (IX,16)*

Tatag dikatone dening subur senajan dheweke kalebu bocah anyaran. Nalika para kancane nduweni ati tikus dheweke sing maju, merga ora ngrasa nduweni luput lan nindakake dhawuhe Gusti apa anane. Tatage ora ninggalake tata krama. Tatag minangka moral sing kudu dicakake. Nalika tandang ana ing sekabehe perkawis utawa panggaweyan, sipat tatag iki bisa nglancarake. Sarwa brigas tanpa ana sing di wedeni utawa disamari.

### **Fungsi Sajrone SKO**

#### **Piranti Kanggo Panglipur**

Reriptan sastra katulis kanggo menehi panglipur marang pamacane. Lumrahe sing dirembug awujud fiksi utawa carangan wae, nanging kabeh jumbuh karo lelakone urip ing bebrayan. Pangripta nggambarake lelakone urip dijumbuhake karo apa sing diweruhi, banjur dipaes kanthi edi peni supaya nengsemake pamacane. Ing serat uga ngandharake ngenani fungsi saka reriptan karya sastra. Andharan langsung cetha ngandharake yen sastra iki kanggo piranti panglipur uga ngandharake ngenani crita pasemon wae. Ora kaya lumrahe reriptan sastra sing

lumrahe ora ngandharake babagan kaya mangkono sajrone isi crita. Minangka gegambaran kanggo fungsi panglipur bakal diwenahi pethikan iki.

*Sanyatane layang wacan iki,  
mung dongeng pasemon  
kanggo samben saselane gawe  
upamane melek wayah bengi  
kena nggo nyagaki  
dadi tomba ngantuk (I,1)*

*yen diwaca cedhak bocah cilik  
ana ing paturon  
marakake gampang ing turune  
yen cedhakan uwong suker sakit  
wong sing milu linggih  
ora kudu turu (I,2)*

Pethikan kasebut ngandharake yen wacanan iki minangka dongeng pasemon. Kanggo samben seselan gawe nalika melek wayah wengi bisa dadi tambane ngantuk. Yen diwaca marang bocah cilik bisa nggampangake anggane turu. Cetha panglipur saka reriptan sastra iku akeh banget.

#### **Menehi Paedah Tumrap Pamacane**

Reriptan sastra nduweni fungsi menehi paedah tumrap pamacane. Paedahe kaperang dadi loro. Kaping pisan menehi piwulang ngenani becik lan ala babagan lelakon urip ing donya, lan minangka sarana kritik sosial.

#### **Piwulang Becik lan Ala**

Reriptan sastra bakal menehi kawruh ngenani patrap sing ala lan becik. Saka asiling maca SKO muga pawongan bisa mangerteni polah tingkahe para paragane, bisa njupuk sing becik, bisa ngguwak sing ala. Saka reriptan sastra diajab bisa menehi kawruh marang pamacane, sing paling mligi yaiku bisa ngangsu kawruh marang para taruna. Taruna sakiki akeh banget sing ninggalake tata krama, unggah ungguh, solah bawa lan patrap marang liyan. Kepriye carane cecaturan marang wong tuwa sing becik, kepriye carane tindak tanduk marang wong tuwa sing becik, lan piye solah bawane nalika tetepungan, ngliwati wong tuwa ing sangarepe awake dhewe. Kabeh kaya mangkono sakiki kaya-kaya wis dilirwakake. Mula saka iku serat iki muga bisa menehi gambaran ngenani babagan iku. Akeh banget ing crita sing ngrembug babagan kaya mangkono. Kaya ing pethikan ing ngisor iki.

*pawitane wong ngawula kuwi  
thole banget abot  
mungguh kowe jeneng ora duwe  
bonda apa sing kanggo nguwati  
pintermu mung tani  
nyekel garu luku (I,17)*

*iku mung saka nenempil  
srah bau nyang uwong  
kowe jeneng ora duwe dhewe  
mangka uwong ngawula priyayi*

*kudu becik apik  
tata krama weruh (I,18)*

Pethikan kasebut ngandharake yen tata krama iku penting banget. Upama ing jaman biyen patrap kaya mangkono lumrah ditemoni ing negara sing kebak karo wong priyayi. Kaya andharane mbok warandha yen ngawula priyayi iku kudu becik apik lan weruh marang tata krama. Cetha yen pawongan ngerteni tata krama tegese bisa kaya wong priyayi. Kaya marang Raja judu nduweni tata krama sing becik. Saka ngadhepe mlakune lsp.

#### **Sarana Kritik Sosial**

Lumantar karya satra pangripta bisa ngandharake kritik sosial ngenani prakara sosial. Prakara sosial lumrahe ngrembug ngenani apa wae sing gegayutan karo lelakone urip ing bebrayan. Reriptan pancen diripta ing jaman biyen, nanging isih nduweni sesambungan karo lelakone urip ing jaman saiki. Prakara sosiale uga jumbuh karo kedadayan-kedadayan ing jaman modern sakiki. Kaya pethikan ing ngisor iki.

*ing dhek mau  
akeh padha angguguyu  
para wong nom-noman  
kang padha anak priyayi  
bisa banget nanacat monjang wong desa (VI,3)*

*rada gendhung  
kanca sing putra tumenggung  
rumasa cilaka  
cedhakan karo wong cilik  
dhasar nyata asline saka wong desa (VI,4)*

*Ana clathu  
kaktitik banget wong iku  
wagune ketara  
kulina hanggiring sapi  
panyekele landeyan katok rekasa (VI,5)*

Pethikan kasebut minangka gegambaran yen reriptan sastra ing jaman biyen nduweni kajumbuhan karo lelakone urip ing jaman saiki. Pawongan sing ora nduweni bandha ndonya upama mlebu ing kumpulane wong sugih mesthi bakal dadi alok. Sing bakal alok yaiku wong sing sugih marang wong sing ora nduwe dhuwit. Ora gelem awor merga ora kepengin ketularan dadi wong asor.

Bisa didudut yen pawongan ing jaman biyen ora beda adoh karo pawongan ing jaman sakiki. Senengane alok marang pawongan sangisore. Ora gelem nggrumbul merga ora saderajat. Dumeh wis nduweni bandha ndonya, lan kaluwihan ora gelem ngakoni marang wong sangisore.

Saliyane iku prakara sosial sing bisa dijupuk dening pamaca akeh banget ing serat iki. Tulung tinulung, gumati, lan sapanunggale bisa kajupuk paedahe. Pawongan bisa ngerteni yen urip ing bebrayan iku aja nganti individualis. Kabeh kudu nduweni rasa pangrasa,

merga awake dhewe kalebu makhluk sosial sing isih mbutuhake pambiyantu saka wong liya.

## PANUTUP

### Dudutan

SKO minangka karya sastra. Karya sastra yaiku seni sastra sing kalebu tapak tilas arupa tulisan, tapak patilasan lan uga bisa dimangerteni lumantar basa. mula, serat iki kalebu sastra, amerga cerita rakyat sing awujud buku utawa tulisan lan ora cerita langsung saka narasumber. Warta asile budaya jaman biyen sing ana ing naskah lawas bisa diwaca kanthi media tulisan arupa naskah. Karya sastra Nusantara sing sumimpen ing naskah minangka pamikiran para leluhur.

Upaya kanggo mangerteni lan ngandharake reriptan sastra, ora bisa uwal saka analisis struktur karya iku dhewe. Struktur SKO iki nyakup tema, paraga, lan latar. Tema ing Serat Kepaten Obor iki kaperang dadi loro yaiku tema mayor lan minor. Paraga lan pamaragan yaiku Subur, Nyi Warandha, Singakrama, Prabu Naranata, Pangeran Dipati, lan patih. Latar kaperang dadi telu yaiku latar sosial, latar wektu, lan latar panggonan.

Moral sing ana ing karya sastra, nggambarake kekarepan pangripta marang pamacane. Kekarepan iku bisa awujud nilai sing asipat didaktis. Nilai Moral ing SKO iki kaperang dadi telu. (1) moral kang nduweni sesambungane antarene manungsa karo individu, (2) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane (ing babagan sosial), (3) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine.

SKO nduweni fungsi ganda. Kaping pisan yaiku fungsi panglipur kanthi cara menèhi crita-crita sing bisa nggawa pawongan lumebu ing alam imajinasine. Menèhi keindahan lan makna tumrap panguripan kayata kasangsaran, kabungahan, lan kematian. Kaping loro yaiku nduweni paedah tumrap pamacane yaiku minangka sarana kanggo menèhi piwulang ngenani babagan becik lan ala. Reriptan sastra uga digunakake kanggo nggambarake lelakone urip masyarakat. Dadi bisa didudut yen reriptan sastra minangka sarana kritik sosial.

### Pamrayoga

Pangrembakane ilmu pengetahuan lan teknologi sarta kabudayan modern, ndadekake musprane sastra dhaerah. Sastra Dhaerah minangka perangan budaya sing kudune diuri-uri lan dilestarekake. Mula saka iku, perlu anane usaha nyalemtake sastra dhaerah. Usaha kanggo nguri-uri karya sastra daerah banget wigati tumrap masyarakat lan pamarentah Indonesia. Pamikiran sing cupet ngenani sastra dhaerah kudune diilangi. Mula saka iku, para nom-noman saiki kudu luwih sregep nyinaoni basa lan sastra dhaerah mligine sastra Jawa amarga nduweni nilai budaya supaya bisa mangun *karakteristik bangsa*.

## KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2013. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo

\_\_\_\_\_. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*, Jakarta: Rineka Cipta

Atmojo, S. Prawiro. 1996. *Bausastra Jawa Cap-capan Kaping IV*. Surabaya: Yayasan “Djojo Bojo”

Bagus, Lorens. 1996. *Kamus Filsafat*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Balai Bahasa Yogyakarta, Tim. 2011. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.

Budianta, Melani, dkk. 2006. *Membaca Sastra (Pengantar Memahami Sastra untuk Perguruan Tinggi)*, Magelang: Indonesia Tera.

Djamaris, Edward. 1997. “*Filologi dan Cara Kerja Penelitian Filologi*” Dalam Bahasa dan Sastra III. Jakarta Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo

Fajar, Dadang Ahmad. 2011. *Epistemologi Doa: Meluruskan, Memahami, dan Mengamalkan*. Bandung: Nuansa

Gazalba, Sidi. 1981. *Sistematika Filsafat IV*. Jakarta: Bulan Bintang.

Jabrohim. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya.

Luxembru, Jan van. dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Minderop, Albertine. 2012. *Psikologi Sastra, Karya, Metode, Teori, Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor

Moleong, J Lexi. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya

Mutmainnah, Mutia. 2009. *Keajaiban Doa dan Ridho Ibu*. Jakarta Selatan: Wahyu Media

Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press

- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada Press
- \_\_\_\_\_. 2007. *Teori pengkajian fiksi*. Yogyakarta : Gadjra Mada University Press
- Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang
- Ratna, Kutha Nyoman. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Salam, Burhanuddin. 2000. *Pola Dasar Filsafat Moral*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Sangidu. 2004. *Penelitian Sastra, Pendekatan, Teori, Metode, Teknik dan Kiat*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Penerbit Angkasa.
- \_\_\_\_\_. 1998. *Anatomi Sastra*. Padang: Angkasa Raya
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Parama sastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka
- Siswanto. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sudarayanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisa Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suharianto, S. 1982. *Dasar-dasar Teori Sastra*. Surakarta : Widya Duta.
- Sukada, Made. 1985. *Pembinaan Kritik Sastra Indonesia*. Masalah sistematika analisis struktur fiksi. Bali: Fakultas Sastra Universitas Udayana.
- Suseno, Magnis Franz. 1987. *Etika Dasar Masalah-Masalah Pokok Filsafat Moral*. Yogyakarta: Kanisius
- Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara
- Suyadi. 2008. *Membuka Pintu Rejeki dengan Sujud Syukur*. Yogyakarta: Mitra Pustaka
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- \_\_\_\_\_. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT. Girimukti Pasaka.
- Warren, Austin dan Rene Wellek. 1962. *Theory of Literature. A Harvest Book Hancourt*, New York: Brace and World Inc.
- Yasa, I Nyoman. 2012. *Teori Sastra dan Penerapannya*. Bandung: Karya Putra Darwati
- Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI) Online*.2014, <http://kbbi.web.id/tanggung%20jawab>. kaakses 10 Juni